



RAGAD ADVERTENTIE:

Kabar premili: 1 - 30 temboeng f 1.-
Langkoengipoen, saben 10 temboeng oetawi kirang: f 0.50.

Advertentie limrah: f 0,15 sagaris; (apes: f 1,25).
Moendoet kapatak langkoeng saking sapisan, oetawi moendoet dados lengganan, tepang rembag roemijin kalijan administratie.

Hoofdredacteur:

D. M. HARDJASOEWANDA

kabantoe

REDACTIE - COMMISSIE.



SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemowah.



REGNIPOEN LENGGANAN

SWARA TAMA

sampoen kalijan regning Soera Katholiek:

1 taen f 7,50 } njoewoen kabalar
1/2 " f 3,75 } roemijin.

Adresipoen Redactie lan Administratie:

XAVERIUS - COLLEGE

MOENTILAN N. I. S.



Drukkerij „Canisius“ Dioka.

ISINIPOEN:

Tjaranipoena Pasamoewan Soetji ngrembag Sociale Kwestie (prakawis oemoem) - Dedasar ngedegaken pabrik - Bab among dagang - Pensiioen - C. P. F. - Minangka pamoendoetipoen saderek Bratasoehardja - Raos kamanoengsan - Film Indonesia - Sampoen kasoepeh - Djenang sela moenggeng sedah - Menggah pamanggihipoen Gareng bab tjoendoeking pantalon lan rok - Ontjén - Namoen saopami - Panoentoening laré - Correspondentie - Merdika.

PRADJA RAHAJOE.

Tjaranipoen Pasamoewan Soetji ngrembag Sociale kwestie (prakawis oemoem).

Ing serat kabar kita Sw. T. tangg. 22 Maart 1929 karanganing redactie, ngrembag prakawis sosial. Koela badé ndérék tjawé-tjawé ngrembag prakawis poenika, ing oedyana ngriki sagadoeg-gadoeg koela, kanggé indaking seserepan lan rembag, ingkang sisib-sembiripoen boten tebih kalijan rembag ingkang sampoen kagelar.

Ing ngriki koela badé ngandaraken kados-poendi Pasamoewan Soetji anggènipoen ngrembag socialek westie poenika.

I. Sociale kwestie poenika poenapa?

Kanggé gampiling teges, namoen dipoenpendet satléraman kémawon, i. p. rembag-rembag, ingkang ngoedi dateng bedamén (vrede); ingkang ngoedi kados-poendi sagedipoen tjang njamboet damel sesarengan, kanggénipoen tjang soegih lan miskin, kaoem ingkang beberah lan ingkang mberahaken, kaoem berah lan kaoem kapitalist.

Rembag poenika wontenipoen kabekta saking katjngkranganing tjang, babagan saking barang wadag, kaoetamen lan rohani (stoffelijk, zedelijk, en geestelijk) ing gesang sesarawoengan.

Katjngkranganing poenika ingkang pinanggih ngrebda pijambak, wonten kaoem berah, djer kaoem berah poenika pantji langkoeng katah tjatjahipoen tinimbang kaoem sanèsipoen.

Dinten lan tanggal lahiripoen prakawis poenika wonten ngalam donja, boten wonten sardjana ingkang saged netepaken kanti patitis; nanging terang menawi kawontenan poenika sampoen wonten, ing nalika djamanipoen Pradja Roem, Griek saweg kaswoer ing kaloehoeran wah malih djembaring djadjahanipoen.

Sareng piwoelanganpoen Goesti Jésos sampoen neba kradjan poenika, rembag-rembag waoe sakawit, saking sakedik kalaras lan kabangoen moerih oetaminipoen ing panindak. Menawi rembag-rembag oemoem (sociale kwestie) badé toemandoeipoen tjara Katholiek, kedah mawi dedasar adil lan katresnan.

Djaman nalika wonten gilde, menawi ing abad tengahan, toemindakipoen sociale kwestie saé, mila rembag-rembag waoe boten dados rembag.

Tembé wingking kabekta saking kema lan kondoning gesang Kristen, ontran-ontran ing pradja lan peperangan rembag sociala dados pabenan malih. Oetawi malih kabekta saking indaking agengipoen kaboedidajan, dagang, pemanggih warni-warni, mesin lan pabrik, éwahing kawontenaning saantawisipoen kaoem berah lan kaoem kapitalist, poenika sedaja oegi ndjalari gedering rembag sociala.

Sampoen djangkep setengah abad, sociale kwestie poenika dados rembagipoen tjang (individu), tjang sabrajat, lan Pradja.

II. Sapoenika sinten ingkang ngrembag sociale kwestie, lan kados-poendi anggènipoen ngrembag?

Prakawis poenika ingkang ngrembag sampoen maéwoe-éwoe bangsa pinoendjoel (diplomaten). Lan sinten ingkang ngrembag roemaosipoen sampoen saged mbéngkas karja.

Kaoem Socialist lan Communist mestani menawi panalangsaning tjang mawarni-warni poenika ka-

bektasaking pangowasipoen bangsa kapitalist dateng salah-satoeng-giling kaboedidajan.

Kaoem Bolsjewist ingkang tradjangipoen ngoengkoeli kaoem Communist ngadjab soepados kawontenan ingkang mekatan poenika énggala kasingkirna, karisak, kabangoen tjara ingkang dados idamanipoen. Sagedipoen énggala lampahan, kedah kanti mentjaraken raos kirang trimah (ontevredenheid) dateng kaoem berah. Mila raos kirang tjang panarimah poenika oegi ladjeng kapentjaraken kanti actie temen-temen.

Kaoem Bolsjewist mangertos, sagedipoen raos waoe roemesep ing baloeng soengsoemipoen tjang, menawi gagasan kamoeljan langgeng lan agami kasirnakaken saking manahipoen tjang. Menawi raos kirang tjang panarimah sampoen saged malih dados sengit satoehoe (haat), latjoetipoen ladjeng boten adjrih lan éman ngirisak kaboedidajan, ing ngrikoe idam-idamanipoen kaoem Bolsjewist sampoen kagajoeh.

Namoen kawoeningana: Tindak mekatan poenika, déde nama adil, nanging tindak peksa (geen recht, maar geweld).

III. Pasamoewan Soetji, inggih ngrembag Sociale kwestie lan ngoedi kados-poendi saéning toemindakipoen.

Pasamoewan Soetji anggènipoen ngrembag mawi dedasar lan pitedah (beginselen en aanwijzingen).

Inggih kanggé dedasar i. p. Chakipoen tjang saged andarbeni barang (eigendomsrecht), kaadilan lan katresnan. Dados menawi tandjanipoen Sociale kwestie badé saé, kanti absah, salah satoenggilipoen dedasar, boten kénging gotang.

P. S. anggènipoen ngrembag Sociale kwestie mekatan:

- 1. ingkang dongipoen sesengitan kabangoen dados katresnan.
2. pangoeaman - oeman kabangoen dados pangapoenten.
3. kirang nrimahing manah, dados narimah kanti lega-lila, éklas doemoegi djaman achir.
4. pangangsa - ansa dateng kasoegeh, kaloehoeran, kawibawan, kamoektèn lan kasenangan ing donja, poenika sadaja saged sirna, kagantos pangadjeng-adjeng kanoegrahan ing Swarga ingkang langgeng. Déné pitedah - pitedahipoen P. S. katjgoep wonten Nawala dalem Kangdjeng S. Bapa Leo XIII, Rerum Novarum.

Menawi mekatan dados sampoen lajakipoen kaoem berah Katholiek lan kaoem ingkang mberahaken Katholiek tansah ngémoetana dedasar lan pitedah poenika, ndérék dawoehing imam panoentoen, ladjeng toemandang karja, ngoedi sagedipoen Sociale kwestie kalamapan, salaras kalijan kersanipoen Pramèswari Dalem, P. Soetji.

Menawi sedaja tjang sampoen ngroengkebi dateng karsanipoen P. S. temtoe ing djagad badé wonten tata-tentrem lan rahardja, badé wonten wereldvrede. Kita inggih ndérék njenjoewoen, soepados idamanipoen Iboe kita Pasamoewan Soetji ladjeng saged kadoemoegèn. Noewoen koela:

J. O. J. WARDHANA.

Dedasar ngedegaken pabrik.

Pabrik poenika wonten awonipoen lan saénipoen. Awonipoen kadosta: tjang berah ladjeng kaanggep mesin; tjang djaler éstri tjampoer, andadosaken itjaling kasoelikan lsp. Jèn wonten tjang ngedegaken pabrik manoet wewaton Katoelik, awonipoen kados makaten poenika itjal. Kadjawi makaten pantjen wonten saénipoen kadosta: njoekani pandamelan dateng tjang katah, ngadjengaken tanah. Toemrap ngriki, katimbang tjang Djawi dateng Soematra poenapa, wonten ngriki sampoen saged angsal pandamelan.

Tanah Djawi pantjenipoen soegih barang ingkang kénging kanggé dedasar ngedegaken pabrik, nanging ladjeng tanpa pengaos, amargi saking boten ngertosipoen anggèni-

poen ngemoenah. Oepaminipoen:

1 pabrik genid batoe. Rosan sampoen wonten, namoen kantoen madosi wadosipoen soepados saged prongkalan. Tjina saged damel genid batoe, poenapa Ir. Djawi boten saged?

2 pabrik saboen. Lisah oetawi gadjih sampoen wonten, kantoen madosaken soda lan potas.

3 pabrik mangsi. Dlima lan sasaminipoen sampoen wonten, kantoen madosaken ijzersulfaat.

4 pabrik jam (oengelipoen: zjèm) oetawi wowohan dipoen simpén ing blèg-blègan. Tanah Djawi soegih wowohan.

5 pabrik sepatoe. Watjoetjal sampoen wonten, kantoen anggarap mawi looistof (gambir lsp.) soepados kénging kanggé sepatoe.

6 pabrik bala petjah (piring, tjangkir lsp.). Lempoeng sampoen wonten, kantoen ngewori glazuur (sarem, loodoxyde, tinasch lsp.).

7 pabrik dlantjang. Ing Panaraga sampoen wonten ingkang saged damel dlantjang gendong, kantoen ngaloesaken kémawon, ladjeng dipoen wori antjoer lan tawas soepados kénging kaseratan.

8 pabrik beskoewit. Poenika asalipoen saking tapioka, tapioka saking gaplèk.

9 pabrik lisah wangi. Kenanga, seré lsp. sampoen wonten, kantoen mahat kémawon.

10 pabrik tjét. Somba, soja lsp. sampoen wonten. Kantoen njampoeri tawas lsp.

11 pabrik karèt. Angger ngertos rékanipoen ingkang dipoen wastani „vulkaniseeren manoet patokanipoen toewan Goodyear“ ladjeng saged damel karèt montor lsp.

12 pabrik nenoen. Toembas tenoenan Éropah oetawi Djepang. Ngriki sampoen gadah kapas, rami lsp.

13 pabrik powan, mertéga, kédjoe. Maésa poenika powanipun isi caseine ngoengkoeli lemboe, dados soeka dedasaripoen pabrik mertéga lan kédjoe.

14 pabrik tégel. Jèn badé pirsang ingkang dipoendamel, mirsanana kémawon dateng pabrik-pabrik tégel gadahanipoen walandi.

Jèn koela seboetaken sadaja, taksih katah dados mindak kirang papan. Mila samanten kémawon. Oepami tjang Djawi saged ngedegaken pabrik warni 14 poenika, wah sampoen loemajan. Oepami soemabar satanah Djawi, pinten éwoe kémawon tjang ingkang saged angsal pandamelan ing ngrikoe. Mangga sami kagalih!

poen P. D.

Bab among dagang.

Djaman roemijin, mèn sadaja tjang sami gadah tetaneman ingkang ngedalaken kasil, perloe kanggé njampedi betahipoen. Sedaja barang-barang lan panganggé, boten kekiran, awit sampoen soemadja. Nanging barang darbèké satoenggil-satoenggilipoen tjang boten sami, menawi poen A seneng barangipoen B, makaten kosok-wangsoelipoen, poenika gampil kadadosanipoen, i. p. lintonan, (samanten waoe manawi boten katah pengaosipoen). Menawi toemrap barang pengaos, oep: sengkang, badé dipoen lambangi pantoen, kados-poendi? Wadoeh ngrenggijek. Margi saking poenika Goepermèn ngawontenaken srana kanggé nggampilaken tjang lintonan, dipoen wastani ruilmiddel.

Sekawit awoedjoed watjoetjal. Nanging saréhné gampil risakipoen, ladjeng kagantos logam ingkang angl nainipoen. Logam waoe katemtokaken wawrat sarta wangoen toewin tjiri-tjiri poenapa déné pengaosipoen. Inggih wiwit poenika wontenipoen arta. Dajaning arta ngadjengaken ébahing djaman, kemadjanipoen manoengsa ing sawijaha prakawis, langkoeng-langkoeng bab dagang. (sadé-tinoembas).

Papaning sadé tinoembas wonten ing péken lan ing beurs. Manawi

R. K. MULO MAWI VOORKLASSE ing NGAJOGJAKARTA.

- 1. Inggih badé loemebet ing voorklasse sarta ing klas I. kedah matoer dateng Directeur-ipoen K. R. Mulo ing Broederan Kidol Lodji oetawi wonten ing pamoelangan.
2. Inggih badé loemebet kedah gadah seret katrangan saking kapala sakolah, lan adresipoen ingkang tjet. Panoewoen waoe kedah sadéréngipoen ing woelan Djoeni soerja kaping 1.
3. Inggih boten gadah katrangan kados ingkang kaseboet nginggil, kedah mangsah iksamen dinten Rebo soerja kaping 24 April 1929 wonten ing pamoelangan Mulo Broederan wantji djam 8 kirang saprasakawan, lan kedah mbekta rapportipoen ingkang poengkasane.
4. Bajaran sekolah mitoeroet prenatal Goepermèn: Oegi dipoen soedjani kanggé sinaoe basa Fransch, Duitsch, Djawi saha Maladjeng. Pamotjalipoen agami sadjawining wekdal pasinaon; lan boten dipoen peksa.

Panitra Canisius-Stichting ing Ngajogjakarta.

sadé tinoemhas ing beurs, barang dagangan boten kénging kabekta mrikoe (beurs), kedah kasimpén ing goedang. Lha ingkang toembas poenapa ndjoedjoeg ing goedang? Boten. Lha kados-poendi? Saréhné papaniipoen sampoen kapestékaken ing beurs, mila ingkang toembas lan sadé kedah dateng papan (beurs) waoe. Soepados kooelieden soemerep barang ingkang tjalon tinoembas, overkooelieden kedah mbekta tjontoning barang ingkang sinadé. Menawi sampoen kedadosan, barang saweg kémawon kasoekekaken.

Mekaten tjaranipoen sadé tinoembasing rikoe.

Sapoenika bab beurs:

Beurs poenika warni-warni

a. Beurs kanggé dagang barang.

b. Beurs kanggé dagang serat ingkang wonten aosipoen (effect), poenika dipoen wastani beurs arta. Serat-serat ingkang kagolong effect, oep: andil, serat samboetan ing paréntah, petoek tjéléngan lan sanès-sanèsipoen.

c. Beurs ingkang kawontenaken saban taen dipoen wastani jaar-beurs. Ingrikoe poenika doenoenging dames en heeren mitontonaken barang dedamel toewin dedaganganipoen, pramila oegi kawastanan: „Tentoonstelling.“

Samanten roemijin:

Melati tjantik.

Pensiioenipoen poenggawa Goepermèn.

Teroesipoen Sw. Tm. taen 1928.

Roemijin koela sampoen tjrijs, bilih toemrap pensiioen, dines poenika kaétang saleresipoen, sarta pangétangipoen, wiwit nalika poenggawa waoe oemoer 18 taen.

Lah sapoenika poenapa ingkang dipoen wastani dines (dienst) poenika?

Dienst poenika, wekdal ing salaminipoen poenggawa waoe tampi blandja (bajar); daggeld (blandja miroengga, i. p. bajaring poenggawa ingkang kinéndelan ing negari ingkang djalaran sanès lepatipoen pijambak, oep: margi kirang tjakep). lan wachtgeld oetawi non activiteit (blandjaning poenggawa ingkang mentas verlof lan dèrèng wonten lowongan).

Menawi boten klintoe, prenatalipoen mekatan: Poenggawa ingkang verlof-ipoen wonten ing hawa bentèr (Indija), angsal wachtgeld wetah.

Déné menawi ing hawa asrep (Europa) namoen sepalih.

Satoenggiling poenggawa ingkang angsalipoen non-activiteit margi kadjaboet pedamelanipoen oetawi mangsa bezuiniging, nampinipoen wetah namoen setaoen.

Laminging poenggawa tampi sepaling blandja ing salebetipoen verlof dateng Europa oetawi ing Indija, poenika dangoe-dangoenipoen namoen 1 1/2 taen.

Ing sapoenika, poenapa dedasaripoen pensiioen:

I Kaétang saking blandja f 1000 sapengandap.

II Toemrap f 1000 sapenginggil sawoelanipoen.

Patokan I ngemoe soeraos makaten:

Pensioening poenggawa Goepermèn ingkang kagolong poenika i. p. I: wonten 1/24-ing goenggoengipoen blandja ingkang ageng pijambak, ing salebetipoen 2 taen. Oepami Wedono, sampoen naté nampi blandja f 500 ing salebetipoen 2 taen wana margi kalepatan, namoen kalandja f 350. Lha poenika, jèn peksa pensiioen, kaétang saking

Déné II ing salebetipoen 3 ta Semanten roemijin.

ARJA DAMAR SELA.



VARIA.

C. P. F.

Saking C. P. F. (= Comité Priesterfonds) Redactie tampi serat kados ing ngandap poenika:

1. Katoer saderek SOE-TEDJA.

Seratipoen saderek Soe-tédja ingkang toemoedjoe dateng koela (Zie Swara-Tama no. 11 tanggal 28 Maart 1929 lembaran I) sampoen koela waos. Menggah soeraosipoen i. p. moendoet priksa, poenapa ingkang kénging dados warganing fonds énggal (Priesterfonds?) poenika namoen saderek goeroe Canisius-Stichting.

Kaleresan déné saderek Soe-tédja sampoen kersa nedahaken kirang sampoernanipoen verslag P. K. W. ing bab poenika. Inggih poenika atas namaning C. P. F. koela matoer sanget noewoen dateng sad. Soe-tédja.

Verslag P. K. W. waoe pantjenipoen kedah kawaos makaten: „Adjakadjak damel fonds énggal, ingkang contributie-nipoen sapérangan ageng saged adjeg; enz.“ Jèn kawéhan makaten, kados verslag waoe sampoen mèn ngetrepi soeraosing sesorah koela.

Manoet atoe koela kala roemijin ingkang kénging dados „warganing fonds énggal poenika sada tjang Djawi Katholiek ingkang sampoen tjepeng damel. Dados pikadji koela babar-pisan boten badé mbéda-kaken saderek ingkang njamboet-damel wonten missie kalijan ingkang boten. Awit koela ngertos, bilih golongan kekalih waoe katresnanipoen dateng missie boten béda; kados déné katresnanipoen dateng slira pijambak oetawi katresnaning anak dateng bapa.

Déné bédanipoen namoen doemoenging woiten panariking contributie. Oeroenaning para warga ingkang sami njamboet-damel wonten missie panarikipoen sarana katjowokaken saking bajatipoen saban woelan; para warga sanèsipoen kedah ngintoenaken pijambak oetawi sarana lantaranipoen zelateur.

Katahing contributie inggih poe-

2. Bab studiefonds.

Saking atas namanipoen C. P. F. koela sampoen sowan dateng Rama Paramaraning P. K. W., perloe ngrembag bab tjalon toemindakipoen fonds énggal poenika. Rama Paramara maringi pamrajogi, ingkang dipoenmoefakati sanget déning para warganing Comité i. p. :

Sadaja **contributie** ingkang mlebet poenika prajoginipoen dipendoem makaten :

a) **Inkang 85% kanggé Stamkapitaal.** Saremanipoen stamkapitaal ingkang sapérangan ageng kanggé Priesterfonds, ingkang sapérangan malih kanggé Seminariefonds.

b) **Inkang 15% kanggé studiefonds.** Jatroning studiefonds poenika (jèn wonten perloenipoen) teroes kénging kanggé nragadi pasinaonipoen laré, dados boten namoeng mendet saking saremanipoen kémawon.

Pamrajoginipoen Rama Paramara waoe mila radi béda kalijan rantjangan koela, ingkang koela andaraken wonten Congrés P. K. W. roemijin. Éwadéné koela tjtjog sanget kalijan éwah-éwahan poenika, awit :

1. Fonds énggal waoe ladjeng teroes katingal wohipoen i. p. saged nragadi pasinaonipoen laré.

2. Mangka saremaning ingkang katan-djakaken kanggé Priesterfonds lan Seminariefonds boten soeda.

3. Studiefonds ladjeng énggal katingal ageng.

4. Kita boten perloe ngadegaken studiefonds pijambak (=geen afzonderlijk studiefonds).

5. Oeroenan kanggé studiefonds, priesterfonds lan seminariefonds noenggil dados satoenggal (gecentraliseerd).

6. Studiefonds boten dados „mengsahipoen (=concurrent) Priesterfonds lan Seminariefonds, wasana sadaja saged willoedjeng lan saé toemindakipoen.

7. **Contributie 15%** ingkang kanggé studiefonds poenika boten nama tjal, awit jèn laré ingkang dipoenwragadi pasinaonipoen sampoen tjepeng damel, sadaja wragad kedah kawangsoelaken.

8. Jatra ingkang kanggé nragadi kasinaon waoe leres boten medal saremanipoen, nanging kosok-wangsoelipoen laré Djawi Kath. ingkang pinter saged angsal pantjadan kanggé minggah, wasana bédjengipoen saged ngajomi gotrah kita Djawi Kath. sadaja.

Para sadèrèk ingkang soewaoeni boten oetawi boten patos moek kalijan rantjangan koela roemijin, margi anggalih jèn studiefonds ladjeng boten saged dados ageng, dados sapoenika sampoen marem penggalihipoen. Sawenèh malah wonten ingkang sampoen ngandika dateng koela, bilih ingkang dipoenkatersakaken sadèrèk-sadèrèk waoe inggih kados pamrajoginipoen Rama Paramara poenika.

Manawi makaten dados inggih nama kaleresan sanget! Mila soemangga para sadèrèk, sampoen anggalih godjag-gadjeg, énggal samia kersa dados warga. *Jèn para propagandist C. P. F. sami sowan pandjenengan, moegi karsaa ngisèni serat kasagahan dados warganing fonds énggal poenika!*

Noenggil **Bendara*** — noenggil Agama,

Noenggil **Rasa** — noenggil sedy.

Boten-botenipoen jèn Goesti Pepondèn kita badé kesoepèn dateng labet pandjenengan!

3. Panjowoenan saking C. P. F.

Bab rantjangan sanès-sanèsipoen taksih dados rembagipoen Comité. Réhning prakawis poenika gega-joeitan sanget kalijan agami, dados sadaja rantjangan-rantjangan waoe inggih mesti kémawon kedah karembag roemijin kalijan para pangagenging missie. Bédjeng jèn rembag

*) **Bendara** = G. Allah.

sampoen radi gilig, badé kaandaraken wonten ing Swara-Tama riki oetawi ing papan sanès.

Gegajoetan kalijan rembag-rembag ingkang dèrèng poetoès, comité gadah panjowoenan dateng pandjenengan sadaja, mbokbilih wonten ingkang kagoengan oesoel, pamrajogi oetawi pitakénan, prajoginipoen ladjeng maringi serat kémawon dateng C. P. F., perloenipoen rembag saged rantjag. Jèn kamanah perloe, comité badé matjak oesoel-oesoel oetawi pitakénan waoe wonten ing Swara-Tama riki, ngiras nerangaken pamanggihipoen pisan.

4. Wragad kanggé C. P. F.

Ngantos titi-mangsa poenika C. P. F. sampoen tampi jatra dana kanggé wragadipoen comité, saking :

- K. W. Moentilan f 10.—
- K. W. Klatèn f 10.—
- Sad. S. Martawihardja (Solo) f 2,50
- Sad. P. S. Soerasoedirdja f 5.—
- Familiefonds f 10.—
- Saking (boten kersa kagijaraken asmanipoen) f 10.—
- Goenggoeng f 47,50
- Inkang sampoen katan-djakaken f 17,92⁵
- Kantoen f 29,57⁵

Comité taksih ngadjeng-adjeng sanget dateng paring pandjenengan dana, awit wragad samanten poenika dèrèng njekapi betahipoen C. P. F. Arta dana teroes kakintoena dateng adrès koela :

MERTOJOEDAN — MAGELANG, boten oesah medal penningmeester P. K. W.

Mertojoedan, 7 April 1929.

Inkang njenjadang sih: *F. S. Harjadi.*

Minangkani pamoendoetipoen sad. Bratasoehardja.

Sambetipoen Sw. Tm. No. 11.

Nadyan manoet soeraosing pengendika sad. Br. tanpa wates, ingkang dipoenpoendoetaken priksa — djer Sad. Br. ngendika: **UNIE, FUSIE ENZ!** (inggih *enz.-ipoen* poenika ingkang moeroegaken tanpa wates!) — nanging mbokmenawi ingkang kakersakaken, ingkang sampoen kasboet ing Sw. T. No. 9 i. p.: unie, fusie, foederatie, coalitie. Sad. Br. moendoet wangsoelaning pitakèn (de definitie's van): apa sing diarani: Unie, fusie, foederatie, coalitie?

Un. poenika gandènging kempalan sami kempalan, ingkang toedjoening „gegandèngan“, namoeng badé toeloeng-tinoeloeng, tanpa njoeda oetawi ngitjalaken kamar-dikaning kemp.-kemp. pijambak-pijambak. Tjara Landi :

UNIE beteekent het onderling aaneengesloten zijn van vereenigingen om elkaar te helpen, terwijl ieder zijn vrijheid geheel behoudt.

FUS. manoet soeraos ing pergerakan samangké, ateges „ambjaring pakem.-pakem. ingkang sampoen wonten (Oep. Jong-Java, Jong Sumatra lsp.) perloe loeloeh dados satoenggal“ (dados Ind. Jeugd-Vereen.). Tjara Landi :

Fusie duidt in de tegenwoordige beweging een opheffen der bestaande vereenigingen aan en een versmelting tot EEN enkele nieuwe.

Foed. poenika manoenggiling (boten: loeloehing!) pakem.-pakem., boten mawi ambibaraken pakem.-pakem. ingkang sami manoggil waoe, nanging pakem.-pakem. waoe sami ngajom ing Pangerèh Ageng oetawi H(oofd) B(estuur), ingkang njepeng toentoenan lan pepoetoesan ing prakawis, apesipoen ingkang perloe-perloe. Dados ing ngrikoe pakem.-pakem. ingkang sami ngajom milih H. B. pijambak, ingkang tjalon kapoerih noentoen badanipoen pijambak. Sad. Br. samangké saged ndoegi, P. K. W. oetawi P. P. K. D. poenika poenapa.

Foed. waoe tjara Landinipoen. **FOEDERATIE** duidt een aaneensluiting aan van verschillende vereenigingen, waarbij deze wel blijven bestaan, doch zich onder een hoofdbestuur stellen, dat althans in

sonnig. NAAMS n d wel de VOOR- ofleiding en eindbeslissing heeft.

Coalitie ika gegandènganing partij-partij, ingkang gandèngipoen namoeng ing prakawis satoenggal-kalih, ingkang badé katandangan saéka-praja, lan wonten ing gegandèngan ngrikoe partij-partij boten namoeng teksh sami madeg pijambak-pijambak (zelfstandig), nanging inggih merdika ing samoekawis, kedjawi ing prakawis „satoenggal-kalih“ waoe. Lan prakawis „satoenggal-kalih“ waoe ingkang nemoekaken sanès H. B. (awit poenika boten wonten), nanging commissie, dapoekanipoen partij-partij ingkang sami gandèngan. Tjara Landi :

Coalitie is een aaneensluiting, waarbij omtrent eenige punten wordt overeengekomen, die men gewoonlijk in onderling overleg zal behandelen, terwijl men niet alleen zelfstandig blijft, doch ook vrij in alles, behalve in die punten, die niet door een H.B., doch door een contact-commissie nader bepaald zal worden. (Toelada Sw. T. No. 9).

Poenapa atoe koela poenika sampoen boten kénging kaawis (harga mati)? Boten; mbokmenawi wonten ingkang langkoeng mateok lan djangkep; nanging atoe sepala poenika kiranga inggih sampoen boten katah.

Pramila.

Raosing kamanoengsan.

Wadjibing manoengsa toeloeng-tinoeloeng tresna-tinresnan kados déné dawoeh Dalem Hjang djagad NATA ingkang moerba misésa tanpa tanding. Nanging sintèn ingkang wadjib oetawi kedah kita toeloeng? Adat kalimrahanipoen mila poeroen toeloeng inggih gandèng djalaran saking tresna. Manoengsa saking karsaning Hjang Maha Wisésa, sampoen kapantji lan kaparingan dradjad pijambak-pijambak; boten soesah katerangaken malih, sampoen jeta, ngawasna alam oeba-rampèning donja (isèn-isènipoen) lan gelar jektinipoen padintenan ing kiwa-tenngan, soegih miskin, soedra papa, dradjad loehoer, madya, andap. Inggih bangsa andapan poenika (déné tjemboeg-tjèlèng) wonten ingkang asring koemetak, koemaloehoer-loehoer, boten samadjipoen.

E, la, ragi klideng poenika waoe. Kita wadjib lan kedah toeloeng manoet tata-tjara adat KATH. mila tangèl saéstoe, boten sepélé oetawi tjepété-tjepété, tan kénging sinangga miring pamalahipoen kedah memet saéstoe ngongkoeli petjahan repèten, mbokmanawi ning.

Poenapa inggih, doemèh tjang KATH. ingkang dipoentendani (dipoenpoendoeti) toeloeng, ladjeng angsalipoen neda toeloeng sadanganipoen, tegesipoen boten mèmper.

Soekoe wetah, tangan djangkep, mripat boten tjtjad, badan bagas kwarasan, sabin gadah, grija ndjenggarang katik wewah angsal pantjèn saban woelan. Réntjang gadah, plesir saged, main kertoe mblebed boten nampik, sandja ngglatoek nggedobrol nggljak, plas-plasan wontenipoen grija prasasat namoeng jèn ingkang djalar wonten ing grija. Jèn tangi kerep krinan, terkadang ingkang djalar sampoen mangkat njamboet-damel dèrèng ngililir. Jèn wonten grija soetik kemrengkang, soengkan koemlawé, poenapa-poenapa mitadosaken réntjang, toer bakoenipoen réntjang ingkang dèrèng saged tinanggenah samoedajaning kaboe-toehaning tjang gegrija. Nanging sareng boetoehing gegrija saban-saban neda toeloeng poenapa mèmper?

Blandja noenoet, nempil mèh kedamel anggeran, tek-klawer sasat boten mragang pijambak. Keladoekipoen prenah sepoe — prenah sepoe ingriki namoeng peprenahan kémawon, boten gandèng djalaran sadèrèk manoet tata donja. (Sadèrèk pantjeran). — dipoenkèngkèn noembasaken (blaka soeta)gendis-boeboek, boemboe-boemboe, kareman oetawi idamanipoen. Inggih, jèn toembasan toko wonten ingkang gampang, sareng wedalan peken!

Inkang makaten poenika poena-

1. BABAGAN ONDERWIJS (I).

Sapoenika, Negari badé najogjani oesoelipoen legerbestuur: anjoewak woelangan dateng militèr Priboemi ingkang boten mangertos a. b. c. Menggah nalariipoen margi boten ngedalaken woh. Dados, dapoer: timbang mboewang doewit moespra.

Wonten kongrès P. G. H. B. kapengker poenika, sesepoeh kita sadèrèk Éndrawahjana mahjakaken boten tjtjogipoen gotrah Katholiek kalijan karsanipoen Negari njoeda tjtjahipoen H. I. S.

Sapoenika kita inggih boten tjtjog kalijan karsanipoen Negari najogjani oesoelipoen legerbestuur kaseboet nginggil.

Kita boten roedjoek kalijan sadaja* ichtijar angringkes onderwijs ing Indonesia ngriki.

Koela goemoen sanget! Paréntah ingkang katjarijos nedy a ngadjeng-aken bangsa ngriki, Negari ingkang kapratèlakaken nedy a moemoelih pijandeling kawoela, . . . kok kagoengan pakarti ingkang glètèk-petèlipoen nedy a angoengkiri djandji. Poenapa jèn makaten poenika saged kasembadan anggènipoen moemoelih pijandeling kawoela??

Kala tanggal 27 Sept. 1922. angleresi sesorah wonten Sociale week ing Eindhoven, sardjana Katholiek Mr. A. F. L. M. Tepe mawi anjarijos-aken bilih „katak golongan ingkang ndoewa indaking seserepanipoen kawoela alit, langkoeng-langkoeng kaoem berah. Djer indaking seserepan waoe boten saged andajani indaking karahardjan oemoem. Malah nggoegah manahing tjang remen boten manoe dawoeh, sarta ngindakaken raos boten narimah.“

Taon 1922 wonten pamanggih makaten. Poenapa taon 1929 inggih taksih wonten??

Poenapa karsanipoen Negari ngringkes onderwijs ing ngriki poenika inggih nawoeng politiek makaten waoe??

Kita jakin, adjenging bangsa boten saged tilar ontwicklung. Kita jakin oegi ingkang betah seserepan poenika boten namoeng golongan hartawan sarta prijantoen. Mandar seserepan toemrap kantja alit poenika pantes kapenggalih saéstoe langkoeng tinimbang indaking seserepan toemrap ingkang ageng. Djer kantja alit katah sanget ingkang katjingkrangan, ngantos boten saged mresoedi seserepan.

Mila koela goemoen saéstoe déné Negari kagoengan karsa ngringkes onderwijs toemrap golongan andap. Goemoen, déné golongan roemaksa willoedjenging praja Indija ingkang boten ngertos a. b. c. badé dipoenpoetoengi, boten angsal woelangan malih.

Waloejan katoer Sang Bajoewara ing Sw. Tm. no. 11.

Sang Bajoewara amastani: ontjèn Patjar Mérah Sw. T. no. 8 malèsèd saking kalimah Sw. Tm.

Jèn koela boten klèntoe, kalimah poenika temboeng Arab. Djarawnipoen sami kalijan „kalimat“ ing basa Melajoe.

Kala warti kita anama Sw. Tm. Mila, swarané koedoe oetama. Perloenipoen laras kalijan anggènipoen asisilih Sw. Tm.

Dados ontjènipoen Patjar Mérah ing Sw. Tm. no. 8 tetep malèsèd saking „oetama“, inggih margi malèsèd saking kalimah swara oetama waoe. Makaten poenika prijantoen galibeting karsanipoen ki Raka sang Bajoewara. anggènipoen anjirèni ontjèn koela Sw. Tm. no. 8. Inggih sadjan sinamoena ing semoe pisan koela boten pangling dateng djoging djangkahipoen.

Poenapa njata ontjèn Sw. Tm. no. 8 malèsèd saking kaoetaman? Prakawis poenika koela borongaken ingkang kasdoe manggalih, sarta redactie Sw. Tm. Koela pijambak, wkdal poenika boten poeroen mangoeli. Awit sampoen koela satitekaken, panoe kartanipoen sang Bajoewara. dateng ontjèn kaseboet, babar pisan boten ngoetik-oetik papatokan ingkang dados paoegeran koela ambjak warananipoen saodera Rud. Rad. Joso.

Margi ontjèn Sw. Tm. no. 8, ki Raka sang Bajoewara kagoengan panjawang: Sw. Tm. poenika inggih gadah swanten santak, wentalan. Pamanggihipoen: oetang-njaer poenika radi sesak toemrapipoen Sw. Tm.

O, sok makatena, dados manawi kita dipoenidak-idak golongan sanès poenika boten perloe ndengèngk. Manawi P. P. K. D. kita dipoenétjé tjang sanès, kita inggih kedah kèndel kémawon. Tobat ané jèn makaten! Lah gèk poenapa perloenipoen kita jasa serat kabar poenika? Poenapa soepados ing sadjagad dados tanah Mexico??

Doeh sang Bajoewara! Tjoba koela atoeri maos koran-koran anti-katholiek, kados déné Het Volk, Java Bode lss. Mangké djengandika badé pikantoe *koepija*: golongan Katholiek kedah boten kèndel kémawon manawi wonten péhak angérang-érag golongan kita. Tjoba, ki Raka sang Banjoewara. koela atoeri matitaken artikelipoen Jaap Veer ing serat kabar Kath. De Koerier! Mangké pandjenengan badé pikantoe *sawangan*: „Sing galak swarané koewi ora moeng Patjar Mérah Sw. Tm. oetawa prijaji lija sing oentap-oentapan karo Patj. Mérah.“ (Sintèn ta prijantoen sanès ingkang pandjenengan karsakaken oentap-oentapan kalijan Patjar Mérah?? Sadjaké kok éring apa rikoe, lo déné boten karsa njeplosaken.)

Ki Raka! Tjoba koela atoeri maos serat kabar Katholiek de Koerier, Maasbode, De Tijd, lss. mangké sang Bajoewara, saged *ngoejang* sistem oetang-njaer, *kilak* swanten santak! **)

Para ingkang sampoen koelina basanipoen Patj. Mrh. temtoe amastani, ratjak: santak, galak! Mangka sampoen pinten taon Patj. Mrh. lélé dang wonten madyaning taman Sw. Tm. O. sampoen wiwit djamanipoen Empoe (Eerwaarde Heer) A. S. Soegija. Dados, sampoen pinten taon Sw. Tm. kalebatan swanten santak? Éwadéné saweg sapoenika sang Bajoewara oeloek-oeloek! Poenapa saweg énggalan tepang kalijan ontjèn goebahanipoen Patj. Mrh?? Koela kok ladjeng kèngetan djamanipoen Sw: tjinirèn: koran kepoetihen, ora wani nggetih!

Pandan Wangi 31 Maart.

Taklim: Patjar Mérah.

* Sad. Patjar kekatahen ingkang kakersakaken. Onderwijs ingkang goenggoeng kempaling wohipoen, noel oetawi malah mitoemani, kedah kasowak. Mila manawi pelapoeran legerbestuur saéstoe makaten (jèn boten kedah katerangaken-), sampoen leresipoen Pangrèh maringi panjowoenan waoe. RED.

** Rembag koela dateng sadèrèk sadaja ingkang karsa mandoeroeng Sw. T. manawi rerembagan sampoen ngantos keroepaken djagad. Sampoen ngantos kesangeten angoegemi raos. RED.

PANOENTOENING LARÉ.

(*Sambetipoen Sw. Tm. No. 11.*)

Sampoen samestiniipoen laré dados wewengkonipoen tjang sepoe, dipoenèh, dipoenkèngkèn, awit ing samoekawisipoen ringkih, sèkèng, badan boten santosa, toer pikiran dèrèng djangkep. Laré poenika saja kraos sèkèngipoen, saja badé gampang pambangoen mitoeroetipoen. Menawi gadah roemaos kirang seserepan, boten rosa, toena doengkap ing pamikir, ingkang limrah gampang ing pamredinipoen.

Ing satoenggiling kita wonten pakempalan ingkang ngoedi dateng indaking seserepan srana maos-maos oetawi sesorah. Déné ingkang dados pangarsanipoen taksih djedjaka dèrèng dangoe anggènipoen medal saking sekolah. Sarèhning para lid sami gadah panganggep sami kéma-

won kalijan ingkang dados panoentoen, mila lampahing pakempalan kirang sakétja. Para warga kados-kados namoeng tansah badé bantah sarta maoni tindakipoen pengadjeng, temahan pangarsa roemaos kirang dipoen-gatosaken, malah-malah roemaos dipoensepèlèkaken. Inggih mekaten waoe pangarsa ngoepados réka soepados gadah prabawa lan para lid sami éring. Wiwit nalika semanten ladjeng sinaoe bab warni-warni, inggih poenika ingkang badé dipoensesorahaken. Sareng sampoen tjepak poenapa ingkang badé kaandaraken, ing satoenggiling dinten noenten ngawontenaken pepang-gihan; para lid ingkang dateng katah. Ing ngrikoe pangarsa sesorah bab ginanipoen serat kabar, kalijan katrangan-katrangan ingkang maton, bab angger-anggeripoen tjang ingkang njerat wonten ing serat kabar, saha ngrembag bab angger-angger-

ing negari ingkang magepokan kalijan ingkang dipoewastani sepridelik, soepados menawi kedah wjtjanten wonten ing parepatan sampoen ngantos kesandoeng ing temboengipoen pijambak. Sadaja waoe kelampahanipoen kanti trampiling wjtjara, ndadosaken gawokipoen ingkang sami mireng, sadaja sami kèloe ing temboengipoen pengarsa. Sakatahing para lid sami kendak, awit sadaja pitakénan sarta bantah-bantah, dipoenwangsoeli kalijan patitis sarta tjeta. Wiwit kala semanten pangarsa ageng prabawanipoen sarta temboengipoen dipoen-gatosaken ing para warga sadaja.

Lelampahan ing nginggil poenika kénging kanggé tepa paloe pinipoen ingkang sami merdi dateng laré. Boten perloe tjang sepoe mendet koela, tegesipoen boten ngatingalaken kaprawiranipoen, loemampah dipoenwastanana tjang boesoek.

Sawenèhing tjang menawi wonten ing pasamoewan, boten oesah nggoenggoeng anakipoen, ngalem ngantos kelangkoeng-langkoeng. Ing mangka laré mireng sadaja pitemboengan waoe, roemaosipoen tjang sepoe, ingkang mekaten waoe saé, sarta damel senenging manahipoen laré, ananging awon toemraping pengadjaran. Awit laré dados oemoek. Menawi boten kaleresan laré gadah panginten, bilih tjang sepoe poenika kalijan laré sami kémawon, liripoen boten wonten oenda-oesoekipoen, saged ndjalari laré boten mbangoen-mitoeoet. Ing mangka tjang ngerèh laré poenika kedah ngatingalaken kelangkoenganipoen, damel goemoening laré, lan kedah ngaosi sariranipoen pijambak.

Tjang ingkang ngretos aosing badanipoen, inggih poenika ingkang ngretos doegi prajogi, prawira ing tindak tandoek, kelakoenanipoen anglenggahi oegering tata soesila, awit saking ngretos aosing sarira, lampahipoen tansah boten tiler pangangkah-angkah, sarta boten nggetawisi menawi andahan kedah angaosi. Inggih mekaten poenika kedah kaoedi ing sadaja tjang ingkang sami nggoela-wentah laré. Menawi badanipoen pijambak kémawon boten poeroen ngaosi, kados-poendi sagedipoen ngaosi ing sanès. Sintèn ingkang njepèlèkakeg badanipoen pijambak, boten badé tampi pengadji. Goeroe ingkann ngretos dateng agenging aosisipoen pedamelan ingkang kasanggih, saged mboedi daja soepados badanipoen kadjèr kèringan, ananging boten djalaran gila hormat, ananging tawi saking ngemoeti moeljaning pakarjan. Tindak-tandoekipoen ngrespantèni, ananarik manah, wasana sami asih, sarta gadah pengadji-adjji.